

**Aetna Better Health® of New York**  
101 Park Avenue, 15<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10178



<Date>

<Name>

<Address>

<City, State Zip Code>

**Aetna Better Health® of New York**  
Avi Chanjman Anyèl

Chè abone nan Aetna Better Health of New York,

Nou ta renmen pwofite okazyon sa a pou nou remèsye w pou abònman kontinyèl ou ak Swen Ki Jere Alontèm (Managed Long Term Care, MLTC) **Aetna Better Health of New York**. Nou kontan pou nou patnè w nan swen sante, e se yon privilèj pou nou sèvi w. N ap bay avi anyèl sa a pou ba w konsèy sou fason ou ka jwenn aksè nan Anyèl Founisè Aetna Better Health of New York, fason ou ka retire abònman w nan Aetna Better Health of New York, ak lòt enfòmasyon ou ka jwenn sou sitwèb nou an, [www.AetnaBetterHealth.com/NY](http://www.AetnaBetterHealth.com/NY).

- Aetna Better Health of New York kontinye amelyore Rezo Founisè li yo pandan tout ane a. Si ou vle resevwa yon anyèl Founisè pa lapòs, oswa si ou bezwen èd pou w jwenn yon founisè ki nan rezo a, tanpri rele Sèvis Manm nan **1-855-456-9126**, Nou itilize NY Pou manm ki gen pwoblèm pou tandè, tanpri rele New York relè 7-1-1.
- Ou ka voye demann sa a tou pa imèl nan [NY\\_MemberServices@aetna.com](mailto:NY_MemberServices@aetna.com). Yo fè mizajou anyèl enprime yo chak ane. Tanpri vizite anyèl founisè sou entènèt la nan <https://www.aetnabetterhealth.com/ny/find-provider> pou w ka wè enfòmasyon ki pi egzak ak ki pi resan. Ou ap resevwa yon avi lè gen yon chanjman ki afekte ou.

### **Avi Anyèl sou Dwa Dezabònman**

Abònman w nan Aetna Better Health of New York volontè. Ou ka dezabone volontèman nan Aetna Better Health of New York si w santi ou pa bezwen sèvis swen alontèm ankò, si ou vle yo transfere w nan Frè Pou Sèvis (Fee-For-Service) Medicaid la oswa nan yon lòt Plan Swen ki Jere Alontèm. Si dezabònman w lan se akòz mekontantman ak plan nou an, tanpri kontakte Manadjè Swen w lan pou nou ka rezoud nenpòt mekontantman oswa pwoblèm ou ta genyen. Apre ou fin fè nou konnen ou vle dezabone, Aetna Better Health of New York ap ba ou yon avi alekri ki konfime ke nou te

**[aetnabetterhealth.com/newyork](http://aetnabetterhealth.com/newyork)**

NY-20-07-21 v7

**Aetna Better Health® of New York**

101 Park Avenue, 15<sup>th</sup> Floor  
New York, NY 10178



resevwa entansyon w pou w dezabone, epi y ap ba w yon dat efektif pou mete fen a kouvèti w la. Dat efektif pou dezabònman an ap premye jou mwa ki vini apre mwa kote dezabònman an trete a.

Y ap mande w pou w siyen yon Fòm Dezabònman Volontè. Aetna Better Health of New York ap kontinye bay avantaj ki garanti yo jiskaske dat dezabònman an efektif. N ap fè tout rekòmandasyon ki nesèsè yo bay sèvis altènatif ke Aetna Better Health of New York pa kouvri ankò, apre dat dezabònman an.

Tanpri sonje si w dezabone epi w kontinye bezwen sèvis swen alontèm, ou ka pa kapab jwenn sèvis sa yo ankò atravè pwogram Medicaid Frè Pou Sèvis la (Fee-For-Service, FFS). Ou ka rantre nan yon lòt MLTC, Plan Swen Prensipal ki Jere (pou Medicaid sèlman) oswa yon pwogram sèvis san frè Eta New York, si w kalifye.

Enfòmasyon sa a disponib tou nan fòm altènatif yo. Si ou gen aksè a entènèt la, ou ka jwenn avi sa a tou sou <https://www.aetnabetterhealth.com/newyork> ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan sou plan tankou Manyèl Manm yo, Avi sou Pratik Konfidansyalite ak Avi sou Non-Diskriminasyon.

Tanpri jwenn vèsyon ki ajou nan Avi sou Pratik Konfidansyalite ak Avi sou Non-Diskriminasyon pou dosye ou yo.

Sensèman,

Depatman Sèvis Manm  
Aetna Better Health® of New York